**Ассаламу гIалайкум!**

# ЦIумадисезул гьаракь

(Голос Цумады)

2024 соналъул 8 ноябрь Рузман №50 (7864) Газета бахъизе байбихьана 1937 соналъул 11 декабралда Багьа 8 гъурущ 12 +

ЦIУМАДА РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА - ЦУМАДИНСКАЯ РАЙОННАЯ ГАЗЕТА

**ГIадамал, нухал, транспорт**

## Хъварши - Хонохъ шагьранух къачIалеб буго

Нухал гIумрудул бидурихьал кколин аби буго гIакъилал умумузул. ГIадада абулеб батилароха. Жакъасеб жамгIияталда инсанасе бидурихьалгIанги хIажатал ккола шагьранухалги кьоялги. Гьез цоцада рухьинарула росабигун шагьарал, рес кьола халкъалъе бигьаго, эркенго, нухазда квал-квал гьечIого сапар бухьизе, юк баччи бигьалъизе ва,



аслияб жо-халкъалъулгун бакIалъул социалиябгун экономикияб рахь цебетIезабизе. ЦIибахъараб, рагьараб, къачIараб нухлул щибаб километралъ нилъеда цере рагьула цIи-цIиял рахьал (горизонтал) ва гьелъ квербакъула цIи-цIиял ресазе: ахираб заманалда цIакъго жиб машгьурлъараб, цебетIураб тира-свери (туризм) ва бизнес цебетIезабизе, халкъазул маданиябгун адабияб бечелъи лъазабизе, лъикIабщинаб гьелъул босизе. Сахлъи цIуниялъегун медицинаялъул бугеб кIвараялъул бицинего ккеларин ккола, жеги анцI-анцI соназ ракIалда букIина хушетдерида ва цогидаздаги молода лъун, шагьранух бугеб бакIалде щвезегIан унтарал раччулеб букIараб мех. ЛъикIал нухал ругеб бакIазда автотранспорт хьвадиялъе хIинкъиги букIунаро.

ТIадехун рехсараб кинабгоги хIисабалде босун, кIвар кьолеб буго улкаялда цIи-цIиял нухал рахьизеги, рахьарал цIунизегун цIигьаризеги. Ахираб щуго соналда жаниб 11% цIикIкIун буго улкаялда лъикIаб даражадул, нухал раялъул киналго тIалабалги цIунун, рарал нухазул къадар. БукIун батани цебеккун нухазул гIаммаб къадаралъул 42% ярагьунел нухазул, жакъа кьоялда буго 53%. Аслияб куцалъ, гьелъие квербакъулеб буго «ХIинкъи гьечIел, тIадегIанаб даражадул шагьранухал» миллияб проекталда сверухъ гьабулеб хIалтIуца.

КIвар кьолеб буго республикаялъул тIалъиялъги бакIалъулаб ва республикаялъулаб кIвараялъул, мугIрузул районазде ва росабалъе унел нухал гIадамал ва автотранспорт хьвадизе хIинкъи гьечIеб хIалалда чIезариялде.

Районалдаги тIадран унел руго Хъварши-Хонохъ шагьранухлул 770-995 километразда нухал къачIаялъул хIалтIаби. Гьеб нух ккола районалъул чаналиго росдае райцентргун бухьен чIезабизе рес кьолеб бидурихь ва гьеб къачIазе байбихьи ккола лъикIаб ишлъун.

ТIадран унел хIалтIабазе къимат кьезеги, къваригIараб-таралъул бицинеги районалъул бетIер Шамил ГIумаров жиндирго тIоцевесев заместитель Халилулагь МухIамадовгун щвана шагьра-нухде.

Подрядчик МухIамад Мусаевас хIалтIул бицунаго, абуна. ХIисабалде босухъе, киналго хIалтIаби лъагIалил ахиралде рагIалде рахьине ругилан.

-Нухал цIигьариялъул ва къачIаялъул программа ккола районалъул социалиябгун экономикияб цебетIейги, халкъалъул яшав лъикIлъиги ва гьелъул гIумруялъе хIинкъи гьечIолъи букIинабиги. Гьаб проекталъул гIаммаб къагIидаялъ багьа босани (финансирование) буго 2 450 000 гъурущ. «ХIинкъи гьечIел, тIадегIанаб даражадул шагьранухал» миллияб проекталда рекъон гьарулел хIалтIаби ккола шагьранухал нормативиял тIалабазда рекъон къачIайги, автоаварияв ккеял дагьлъи гуребги, халкъалъул рукIа-рахьин, яшав лъикIлъиги-ян абуна районалъул бетIерас жиндирго сапаралъул ахиралда.

**Хадижат Залимханова**

**Улка цIунулезул кьерда**

## Рагъулал гьудулзабазухъе иргадулаб сапар

-Рагъалъ васал гьаруларин, гьаруралги чIвай гуреб,-ан абураб гIакъилал умумузул кици кинго ботIролъе унеб гьечIо цо-цо щулъарал, жахIда-хIусудалъ гьаглъарал хIакимзабазул. Рагъ тIибитIизабизе гуреб, ракьалда ракълилаб




гIумруялда халкъ букIиналъе кьеркьезе, хIаракат бахъине кколеб бакIалда, щай ургъуларел рагъ боркьизабулел чагIи?! ГIакълу цебе, щин нахъе гьабун щай ракълида рукIунарел? Рагъул тIоцересел кьоялдаса нахъе нилъер гIолохъаби руго гьегьал миллатчагIазда данде рагъулел, тылалда халкъ буго къаси-къад «Кинабго фронталъе, кинабго бергьенлъиялъе», «Нилъеразе гIоло» абурал ахIиязда гьоркь солдатазе хIажатабщинаб чIезабулел. Кьойил рагIула бакI-бакIазда гурхIелрахIмуялъулал цIи-цIиял кьокьаби гIуцIун, аскариязе кумек квен-тIех, ретIел-хьит, яргъилал сурсатазе гIарцал ракIарулел, КамАЗал цIезарун, гьебги босун фронталде унел. Гьединал ишазеги къваригIуна рагIи биллъарал церехьаби. ЦеберагIи халалъаниги, абила нилъер районалдаги, кигIанго бокьичIониги, кканин рагьда васал чIваялъулги, араб бакI лъачIого тIагIиялъулги,

Аллагьасе рецц, чIаго-гIатIго рокъоре руссиналъулги хIужаби. Аллагьас рагьги лъугIун, сахсаламат руссаги рокъоре киналго гIолохъаби, хваразул мунагьал чураги. Руго рокъореги руссун, «рагьда рукIарал гьудул-гьалмагъзаби дора, дун гьанив данде кколаро»-янги абун, цIидасан рагьде унелги гIолохъаби, руго гуманитарияб кумекгун доре-нахъе хьвадулелги. Гьединазул цояв ккола Хъварщи росулъа «МугIрузул ракIалдещвей» («Память гор») ДРООялъул вакил Сидикъ Хизриевги. ЛъагIелалъ жиндиего бокьун рагьде аразул цебесеб кьердаги вукIун, кьотIи-къайги лъугIун рокьове вачIарав гьев, живго гIадал гIолохъабигун цадахъ вуго солдатазухъе хьвадулев гьезие хIажатаб-къваригIарабги босун. Дагьав цевеги Сидикъ щвана районалъул бетIер Шамил ГIумаровасухъе ва гьарана автомобилазул «Ромашка» подавитель РЭБ босизе кумек гьабеян. С. Хизриевас бичIчIизабуна «Ромашкадул» кIвар, бицана гьелъул бугеб «махщелгьунаралъул». Гьединго баркала загьир гьабуна СВОялъулазул хьизаназе районалъул нухмалъиялъ гьабулеб кумек-квербакъиялъухъ, тIалабагьазалъухъ.

-Нилъер гIолохъаби нилъер ракълилаб гIумруялъе гIоло рагъулел руго дора рикIкIада, гьединлъидал нилъеца кIвараб кумек гьабизе ккола рагъухъабазе,-ян абуна районалъул бетIерас дандчIваялъул ахиралда ва жиндирго заместитель Халилулагь МухIамадовасе тIадкъай кьуна гIарцулал сурсатаздалъун кумек гьабиялъул суал тIубазе.

Гьединабго кумек гьабуна аскариязе Сидикъил гьари нахъчIвачIев «Дагмелиоводхоз» управлениялъул нухмалъулев МухIамад Юсуповасги.

Гьал къояз Сидикъ иргадулаб нухалъги тIадвуссана Курск ва Донецк областазда ругел фронталдаса аскариязе кумекги щвезабун.

КIудияб, юк баччулеб машинаги ккун ине гьабсагIат рес гьечIолъиялъ, Сидикъ ва гьесул гьалмагъзаби аскариязухъе унел руго жидерго машинабазда къайи-къоноги лъун.

**ГIубайдула Малачдибиров**

## Ответственность за участие в незаконных митингах

Вы пошли на поводу у провокаторов и решили принять участие в незаконных массовых демонстрациях и стихийных митингах, даже если вам нет 16 лет?

Знайте, что за эти действия предусмотрена ответственность в соответствии с законодательством Российской Федерации.

Участие граждан в несанкционированных публичных, мероприятиях (митингах, пикетах, шествиях) является административным правонарушением, предусмотренным частью 6.1 статьи 20.2 КоАП РФ и влечет наказание, в виде штрафа от 10 до 20 тысяч рублей или административного ареста сроком до 15 суток.

За неоднократное нарушение установленного порядка по статье 212 УК РФ предусмотрена ответственность в виде штрафа в размере от 600 тысяч до 1 миллиона рублей, либо лишение свободы на срок до 5 лет.

Вовлечение несовершеннолетних в противоправную деятельность может образовать состав преступлений, предусмотренных статьями 150,151.2 Уголовного кодекса РФ.

Каждый из вас должен знать, что проведение публичных акций, не согласованных в установленном законом порядке, будет являться прямым нарушением действующего законодательства, поэтому мы призываем вас не поддаваться на провокации и предостеречь от участия в них своих родных и близких.

ЖамагIаталъул газа къурдаги рекIулин

# Инхокъварисеб даруяб лъеда хадур ине санагIатаб нух гьабуна

-Баркала, Аллагьас кIодо гьареги, ниж гIадин, Аллагьги разилъаги, рекIел мурадал тIурайги, сахаватаб квер кибего щолел гIолохъаби гIемер руго нилъер… Гьел ва гьезда рельлъарал дугIа-алхIамалъул, гьара-рахьиязул гIорхьи букIинчIо гьал кьояз районалде щварай дида рагIулел. Щиб ккараб, сундул бицунелин гьикъабакьидал, бицанаха Инхокъвари даруяб «Регьа» иццухъеги щун рачIараз гьенибе бахьараб нухалъулги, кьокьидаса ине къваригIаразе санагIалъиялъе кьодухъе щвезегIан рарал болъабазулги.

-Гьеб лъикIаб хабар бугин,- пикру гьабуна дицаги. Регьадухъе щвезе санагIат рекъечIолъиялъ, гьикъизе ккана Инхокъвари росдал администрациялъул бетIер ГIабдулнасир Хизриевасда гьелъул дагьабго баян.

-Баркала гьеб лъикIаб ишалъулъ гIахьаллъаразе, хIалтIудалъун гIарцудалъун кумек-квербакъи гьабуразе,-ян абуна ГIабдулнасирица. -ХIакъикъаталдаги, нилъеда лъалаха даруяб ицц баккаралдаса нахъе гьенибе бахьараб сухъмахънух гIадамал, хасго лъимал хьвадиялъе цIакъго хIинкъи цIикIкIараб букIараблъи. Гьебги хIисабалде босун, цебего пикру бижун букIана гьеб гIунгутIиги битIизабизе, гьеб суалалда тIад ургъулелги рукIана. Рохараб ишлъун букIана гIолохъабаз гьеб иш кодобе босун, хIалтIуе байбихьи лъейги, ва, амма пайда щибха. Сухъмахънух къачIаялъе къучI лъурав Санкьадаса гIолохъанчи МухIамад АхIмадовасе нагагьаб балагьалдалъун Аллагьасул къадар щвана. Жиндирго эмен МухIамадгIалимгун ва Инхокъвариса Эльдар МухIамадовгун байбихьун букIана гьез жиндерго сурсатаздаса хIалтIи гьабизе… Аллагьас алжан насиб гьабеги нилъедаса тохлъукьего ватIалъарав МухIамадил, нухда гьабураб хIалтIул даражаги аза-азариде бахинабеги. МухIамадил хIурматалда администрациялде гьорлъе унеб лъабабго росдал гуребги, Хасавюрт районалъул Октябрьское, Первомайское росабалъа ва цогидалги бакIазда чIарал санкьадисел, кIванкьадисел ва инхокъварисел гIолохъабаз речIчIиги гьабун, жигараб гIахьаллъиги гьабун, рагIалде бахьинабуна мунагьал чураяв МухIамадица байбихьараб хIалтIи. ЖамагIаталъул газа къурдаги рекIулин абухъего, лъикIаб хIалтIи гьабуна гIолохъабаз, баркала киназего гьениб кверчIваралъухъ. ЖамагIатазул рахьалдаса баркала загьир гьабизе бокьун буго киса-кибего кумекалъулаб гIатIидаб, рагьараб квер жиндир щолев Лъондода росулъа ишалъулав чи ГьазимухIамадов АхIмад Шамсулвараевичасеги цемент-бетоналъул рахьалъ кумек гьабурав...



ХIисаб гьабидал, кIудиял шагьранухал гурелги, жалго гьитIинал рукIаниги, гьунар кIудияллъун кколел сухъмахънухалги, инсанасул чорхолъ ругел бидурихьал гIадин, чIахIиязе рухI кьолел, гIисинал бидурихьаллъун ругин ккана ракIалде. РагIалдаса бехе маххул арматураялъги къан, регьаялде рачIарал гьалбал гурелги, жидерго ишаз кулабазде, рохьоре унелги эркенго хьвадизе рес буго гьанже хIинкъичIого.

ТIабигIат берцинаб, цин гьалалглъун, кьурабалъ речIчIун, цин гIодобе биччан, сасун бачIунеб Хъварщадерил лъарал квегIиса чвахулеб берцинаб Зубба чвахелодул тIинда аскIоб баккараб инхокъварисезул даруяб регьа иццалъул хIакъалъулъ рагIичIев чи къанагIатти ватиларо жакъа. Цо кидаялиго улкаялдаго цIар араб кванирукъалъулгун бакъазул унтаби сахгьарулеб санаторийги букIараб гьениб, амма пайда щибха… Улкагун цадахъго бихьхун ана санаторийги, анцIанцI чиясе букIараб хIалтIулаб бакIги къана, янгъизго хутIана жибго ицц. Гьелъул ракI гьолеб жо зама-заманалдаса лъел цIезе рачIунел регьадул къанагIатал «гьалбалги» цохIо Зубба чвахелодулгун Хъварщадерил лъарал хъудиги бугин ккolaан цин-цин. КъанагIатал рукIинарищха регьадул «гьалбал», цIадал ранщинахъ гьалаглъулеб лъаралъ бехе бачулеб кьоги хвезарулел сухъмахъалги ругони. ГIемераб къачIалаан инхокъварисез ва ХъварщикIкIалалъулаз кьоги сухъмахънухги, пайда щибха, иргадулаб нухалъ цIад базегIан гурони хутIулароан нух. Ахиркkадги лъугIана нухлул хIалтIи. Цебеккун чIедераб чIоло гIадин букIараб, хасго кьоялде аскIоре щолаго хIинкъиги цIикIкIараб нухги гIатIид гьабун, рана болъаби, рагIалккун лъурал арматура ккун рачIине-рахине рес буго гьенисан унезул.

-Киб букIараб Лъондода, киб букIараб Инхокъвари, кин мун гьаб хIалтIуде гьоркьове ккарав?-ан гьикъана АхIмад ГьазимухIамадовасдаги.

-Кибе бегьани щиб Аллагьасе гIоло нигатги гьабун, бегьулеб квер?-ан суалалъе суалалдалъун жаваб кьуна гьес. Дирго къваригIелалъ регьадухъе щварав чиясда бихьана кодор канистрабиги ккун, захIматаб хIалалда сухъмахънухккун гьенивего вачIунев кIудияв чи. Хъулухъалъ къватIиве вахъунев дирго херав эменги цеве чIезавун, ракIалде кканаха сухъмахъги болъаби ран, гIатIид гьабизе, лъаралда тIад бугеб кьоги цIияб базе ва лъел хIавузги сверухъ берцинго кьачIазе. Гьедин ккараб букIана МухIамадгIалимилгун хабарги ва гьезда гьарун букIана нухда хIалтIи гьабизе рахъеян. Аллагьасул хьвай батIайиса букIун бугоха, гьанже пикру буго, Аллагьас хьван батани, мунагьал чураяв МухIамадил цIар кьезе даруяб регьа иццалъегун, нух-кьоялъе. Гьава-бакъалъул шартIал данде ккелел ругони, исанаго байбихьизе нигат буго кьо баялъул хIалтIаби, хIажатаб тIагIел-алатгун махх-цемент гьенибе рехун буго. Дирго рахьалъ дицаги ракI-ракIалъулаб баркала загьир гьабула мунагьал чураяв МухIамадил хIурмат гьабун, бегавул ГIабдулнасирил гьари нахъчIвачIого хIалтIи рагIалде бахьинабизе рачIарал гIолохъабазе. Аллагьас кIодо гьареги киналго…

ЦохIо инхокъварисезе гуребги, кIар цIикIкIараб ишлъун ккола нух къачIаялъул суал даруяб лъеда хадур рачIарал рикIкIен гIемерал гьалбадериеги. Дагьал рукIинчIо хIужаби гьенире ине нух гьечIого хутIиялъулги, бер биххун, бетIер сверун цо-цо гIумруялъе хIинкъи цIикIкIараб хIалалде нухлулал ккеялъулги гьенисан унаго. Гьанже щибаб болъоялда гали чIванщинахъ тIабигIаталъул берцинлъиялъ гьабураб рохалил асаралъ гурони берги биххулеб, бетIерги сверулеб гьечIо гIадамазул. Гьеб рохел букIинабизе кьо ккаралъуре къараб зар гIадин, цолъун, гьункун, цо бараб ахIиялъ рахъунчIарал гIолохъабазухъ балагьидал, ракIалде щвана цо хIакимчияс росдал гIолохъабаз кверчIвайдал гурони нур баларин росдадайилан абурал магIна гьваридал рагIаби. Амма кваш бихьана, цо-цо «ракIунтараз» анцIила анкьго росдаца гIарацги бакIарун къачIанин нухилан социалиял гьиназда ратарал хьвай-хьвагIаяз. РакIалде ккола гIисинал пишабаздалъун гIисинлъарал гIадамазда релълъинчIого, жидерго гьабураб хIалтIул кири хвезабичIого, гIолохъаби гIенеккиларин гьединал гIахьучIаздайилан ва хадубккунги рахьун чIелин къо ккаралъур абун.



Гьанже ракIчIун абизе кIола, доб кочIолъ ахIарал рагIабиги дагьал хисизарун, бокьани машинаялда рекIун, бокьани лъелго, сверухъ рорхатал, рии бакьулъги мугIрузул тIогьисан гIазу биунарел кьурабаз жаниб бачараб, беричал рохьаз цIураб, тIабигIаталъул берцинлъиги бихьизе, даруяб лъимги гьекъезе, «расги нечечIого, рачIа регьадухъе»-ян. БатIалъи гьечIо къад яги къаси, бецIлъухъ рукIунаредухъ токалъул канлъиги бачун буго гьениб. Унтаразе гурегьи, иццухъе рачIарал тIолгоязул санагIалъиялъе гьарурал баракатал ишазухъ Аллагьас нур гIадин, гвангъизабеги гьениб квер-хIетIе чIваразул гIумру.

**Хадижат Залимханова**

2024-хъизаналъул сон

# Лъимал - хъизаналъул бечелъи

Исанасеб сон хъизаналъул сонлъун лъазабун бугелъул, дирги пикру ккана 25 соналъ цадахъ вугев, гIакъилав, магIаруллъиги гьениб бугебщинаб бечелъиги хирияв, ияхIги намусги чорхолъ цIунарав, кутакаб гIакълуялъул, гIакъилабги кополабги каламалъул, Дагъистаналъулги магIарулазулги гIадаталги, гIагараб рахьдал мацIги, гьудуллъиги гьелда хурхарабщинабги, миллатги цIунарав, ккани дибирлъи гьабизеги кIолев, гьудулзабазул берталъ кьурдун свериги бахъунев, бегIераб сатираги, гIолилазул ракI гIекколел рокьул сариналги хъвазе ТIадегIанасес барахшичIого гьунарги кьурав, гьудулзабиги, гьезие живги хирияв, Россиялъул хъвадарухъабазулги журналистазулги Союзалъул член, дир гьудул, ЦIияб Сасикьа СайгидахIмад АхIмаднабиевасул хIакъалъулъ хъвазе.

СайгидахIмад гьавун вуго ЦIумада районалъул Сасикь росулъ 1954 соналъ.

Жиндир 10 сон тIубадал эменги хун, унтарай эбелалъул тIалабалда хутIанин живги жиндаса гьатIинав вацгиян бицана гьудулас. ГьитIинго тIаде кканила магIарухъ чIахIияз гьарулел, хур бекьиги, лал тIамиги, рохьове цIулада инги гIадал хIалтIаби гьаризе. Росулъ микьго класс лъикIал кьиматазда лъугIизабуниги, рес букIинчIила, шагьаралдани киса, аскIоб бугеб росулъ 10 класс лъугIизабизецин ине. Кинниги рес кканила, росулъ ток бачизе рагIулин хабар баккидал, ЦIадахIариве монтёрлъун цIализе ине. Гьебги тIокIлъигун лъугIизабун, армиялда инегIан росулъ монтёрлъун хIалтIун вуго. ВачIиндал чIужуги ячун Хасавюрт районалде гочун вуго 1975 соналъ. ТIокIаб лъай босизе ресги ккун гьечIо.

Кьисматалъ веэдичIев, лъимерлъиялъул гьулакалда гогьдаризе щвечIев, гIолохъанлъиялъул гIанчIал карачелабазулъ лъедезе заман букIинчIев, гьитIинго бесдаллъиялъул кьогIлъи бихьарав жинца тIоцебе тIалаб гьабизе кканила кваналеб хинкI, 10 сон барав чияс бекьизе кканила хурги, тIамизе кканила лалги, ине кканила рохьовеги. ВукIинчIила ине чиян бицана гьес. Эбел жинда гIакълу бачIаралдаса нахъего унтарай чIужу йикIанила, рукъалъе чара гьечIеб жо гурони гьабизе кIолароанила. МугIрузул кьварараб тIабигIаталда лъадарун буго гьитIинав чиясул кьварараб хасият. ХIалтIун вуго Россиялъул чанго регионалда ралел бакIазда бригадирлъунги, мастерлъунги прораблъунги. ИчIго соналъ гьабун буго кIудияб ЦIияб Сасикь росдае бегавуллъиги. Росдае чара гьечIел гIезегIан хIалтIаби гьаризе кIванила гьенив хIалтIулагоян бицана гьес. Гьал ахирал соназ Хасавюрт шагьаралда офисги рагьун, машинаби страховать гьарулев вуго. Гьес къватIибе биччан буго кучIдузулги прозаялъулги ункъо саламатаб тIехь. Исана гьесул 70 сон тIубалеб юбилеялдаги биччазе ракIалда бугин цIиял хъварал кучIдузул тIехьилан бицана гьудулас. Гьесул рокьул кучIдул хъвазе бугеб гьунаралъе профессор Ибрагьимил МухIамадицаги лъикIаб кьимат кьун бугоан. ЦIадаса ХIамзатил квартIа гьецI кодосевилан Авар мацIалъул мугIалимзабазул цолъиялъ кьураб шапакъатги бугоан гьесул кабинеталъуб бан. ГIисинаб гIел куцаялъулъ ва халкъалда гьоркьоб гьудуллъи щулалъиялъе лъураб бутIаялъухъ, Халкъалда гьоркьосеб Шамил Имамасул фондалъул шапакъатазул комитеталъги бугоан гьесие Грамота кьун. Республикаялъул бетIерасги, Коммунист партиялъул централияб комитеталъги, хъвадарухъабазул Союзалъги, цогидал идарабазги, жамгIиял цолъабазги кьурал гIезегIанго шапакъатал руго гьесул. Гьесул творчествоялъе, профессор АхIмад МуртазагIалиевасги, Халкъияй поэт Сабигат МухIамадовалъги цогидазги лъикIал кьиматал кьун ругоан.

Гьелдаго цадахъ гьес гьарула жамгIиялги, гурхIел рахIмуялъулги хIалтIаби. Масала, анлъго соналъ гьев вуго Бузнасан нух бахъулеб бакIалда кумек гьабулезда гьоркьов. Жиндирго гьудул-гьалмагъзабигун лъугьун, гьеб нух гьабиялъе гьоркьиса рагьун буго гурхIел рахIмуялъул фонд «Дорога предков» абун. Гьеб фондалъул офисги гьесул хIалтIулеб бакIалда буго, гьелъул документазул гIадлу гьабулев делопроизводительги гьев вуго. Проектировщиказул нухмалъиялда гьоркь, гендерил жамагIаталъулгунги дандбан, гендерил Бузна бакълъахъан нух гьез бахъунеб буго март моцIалъ байбихьун, ижараялъе экскаваторги босун, гIарацги бакIарун бульдозерги босун. 6,5 нухалъул гьанжеялдаго гьабун буго, халкъалъ садакъаде кьураб гIарцухъ. Жеги цо километр гIечIеб нух бугила жидеца гьабизе тIаде босараб, гьеб исана соналда лъугIизе кколилан бицана гьес. Гьеб буго магIарул 14 районалда унеб нух лъикIаланго къокълъизабулеб, эхедарай гьечIеб, ЧIикIа гесалъул хIорил рагIалккун, ЧIикIаса кIигIоржубаде щвезегIан бахъунеб нух. Гьениб буго ХIукуматалъ гьабизе тIаде босараб 161 метр халалъуда бугеб кьоги, 4,1 км. бугеб кьурабалъан нухги.

СайгидахIмадил хъизаналда руго, анлъго васги, цо ясги. Цо вас хутIизегIан рукъалда руссарал, минабиги рарал, тIадегIанаб лъайги бугел руго киналго. Гьезулги лъабго батIияй эбел йиго, цо чIужу гьесул жидехъайго йиго, цо васасул эбел ТIаса Инхоса йиго, цоги васасул эбел ГIахьвахъ районалдаса йиго. Гьесул хъизаналъул чагIаца бетIерлъиги гьабун бана гьезул росулъ, Дагъистаналдаго гьечIеб гIадаб мадраса. Гьенир хIафизаллъун цIалулаан, тIолго Дагъистаналдасаго бесдал лъимал. Дол соназ гIемерлъун рукIана рагъ гьечIониги кьвагьи къотIичIого букIараб Дагъистаналда бесдалалги. Гьезие рукIана цIакъго лъикIал шартIал санагIалъаби чIезарун. Школалъулги мадрасаялъулги дарсал кьолаан, хIалбихьи бугел мугIалимзабаз. Щибго гьечIел багьанаби рачун, кинго течIо гьеб мадраса хIукуматалъ хIалтIизе. Гьанже муфтияталъухъе кьедал биччана. Гьесул Дибир абурав васас меседил медалалда «Пять сторон света» абураб Халимбекаулалъул школаги лъугIизабун, Волгоградалъул мединституталда цIализе лъугьана. Гьебги тIокIлъигун лъугIизабун, ординатураялде цIалулев вуго, цадахъго институталда каратеялъул тренерлъиги гьабула. Яс школалда мугIалимлъун хIалтIулей йиго, цогидал васалги жидеего хинкI бахъулел ишазда руго. ГIажаибал чагIи руго гьел Сасикьел, гьезул цониги чи къуваталъул идарабазде хIалтIизе унаро, хъулухъ цIехонги рортанхъуларо. Ралел бакIазда, бахчаби хьан гьабула хIалалаб магIишат. Гьедин бугониги, гьезул гIадин гIуцIараб росуги гьечIо районалдаго. ЛъикIаб рес махIалалда руго гIадамалги. Исана хIежалда жидер росулъа 70 чи анин бицана гьезул чагIаз. Балукъав, хIеж борхинчIев чи гьезул къанагIат гурони вукIунаро.

Гьанже нилъеца цо-цо суалал жиндиегоги кьезе руго.

-Чан бертин дуца гьабизе ккараб лъимал тIубалого?

- Дица росуго ахIараб 10 бертин гьабизе ккана дирго рагьда. Васги ясги гIолохъанго нилъедаса ватIалъарав гьитIинав вацасулги рукIана дир тIалабалда лъимал. Гьел диралго гIадин тIурана. Дирал цо-цоязе кIицIул гьаризеги ккана бертаби.

-Лъала, дур гIемерал сибтIал (лъималазул лъимал) рукIин, гьанже чаналде дол рахун ругел?

-Дир ругоха 52 сибтI. Гьездасан 26 вас ва 26 яс. Гьезул улбулги руго 23 батIияй, ичIго батIияб миллаталъул, батIи-батIияб регионаздаса ва пачалихъаздаса. ГIумру гьабунги руго батIи-батIиял бакIазда. Масала, цо васги ясги сибтIазул Швециялда руго, цо сибтI цIалулев Мавританиялда вуго (Африкаялда), цо Москвалда вуго, Турциялда руго, МахIачхъалаялда руго, 25 ял росулъ руго. Гьел киналго ниж кIудабигунги, жалго жиделъги телефоналдаса бухьеналде рукIуна. Цоцазда байрамал баркула, камураб тараб гьикъула, бицуна. Гьоболлъухъе рачIуна.

Нижер сибтIазул кIиго васги цо ясги, Къуръан рекIехъе лъалел хIафизал руго, Турциялда цIалун рахъарал. Цо яс, ичIго класс лъугIиндал, «Ученица года» йикIана араб цIалул соналъ 680 лъимер цIалулеб школалда. Цогидал лъималги лъикI цIалула школаздаги мадрасаздаги. Чангоял олимпиадабаздаги конкурсаздаги бергьана районаздаги Республикаялдаги, лъабго сменаялда цIалулеб, лъабкъоабилел соназго бараб школалда цIалулел рукIаниги.

-Нужеда ракIалдагIаги чIолищ гьел лъималазулги улбузулги цIарал?

-Дир гьабсагIат 12 нус йиго микьго батIияб миллаталъул, дида киналго лъималазул цIаралги, гьезул улбулги, гIемерисезул гьарураб сонги, узухъда къосинчIого лъала. ГьабсагIат нижехъ рокъор гьел лъималазул микьгоял руго, нижгун гIумру гьабун. Гьезул цоял колледжазда, цогидал школалда, цадахъго мадрасаялда ва спортзалалдаги хьвадула.

- Дур кколеб бугоха гIурусаз абухъе, интернациональнияб хъизан.

- Бугоха, 29 батIияй эбел йиго гьел сибтIазул. Масала, лъарагIал лъабго нусалъ гьарурал щуго лъимал руго, Ислам босарай гIурусал лъабго нусалъ гьарурал ичIгоял руго.

-Мун магIарул щагIирасул сибтIазда магIарул мацIги лъалеб батилаха киназдаго.

- Гьеб гьечIищ вац бищунго захIматаб унтиго. Лъаларо - гьел улбул цоги миллаталъулазда киназдаго нилъер мацI. Гьеб сабаблъун рокъоб гIемер дагIбаги букIуна. Дир кIодоги ругьунлъун йиго дозда кIалъалей йикIун гIурус мацI «гъуризе». Лъималазул ахикьго гIурус бицунеб буго. Школалда магIарул мацIалъул дарсалги дагь гьарун руго. Росдал группабазда рахьдал мацIалда хъвадарулелъул, гIолилазулги хъвадариги цIакъго хашаб буго. Гьелъие гьабизе даруги батулеб гьечIо.

-Щибха гьединаб кIудияб хъизаналъул бетIерас, исана хъизаналъул соналъ магIарулазе гьарилеб.

-Бищунго цебе дунялалдаги Россиялдаги рекъел гьарила, магIарулазе сахлъиги, цоцалъ махIаббат камиллъун, цолъун рукIинги, иманги, исламги, ихIсанги камилал, цоцалъ гьункарал кIудиял хъизанал рукIагиян гьарила.

**ХIусен Будунов,** Хасавюрт районалъул ТIукитIа росдал бетIер



## Сообщение о возможном установлении публичного сервитута

В соответствии с п. 3 статьи 39.42 Земельного кодекса Российской Федерации Министерство цифрового развития, связи и массовых коммуникаций Российской Федерации настоящим сообщает, что в целях размещения антенно-мачтового сооружения связи по проекту «Устранение цифрового неравенства» (УЦН 2.0) возможно установление публичного сервитута в отношении земельных участков (их частей) с кадастровыми номерами:

05:38:000064:2, расположенном по адресу: Республика Дагестан, Цумадинский район, Верхнегакваринский сельсовет, село Верхнее Гаквари; в отношении земель кадастровых кварталов с кадастровыми номерами:

05:38:000056, расположенном по адресу: Республика Дагестан, Цумадинский район, Нижнехваршининский сельсовет, село Нижнее Хваршини.

Обоснованием необходимости установления публичного сервитута являются мероприятия по устранению цифрового неравенства между жителями городского и сельского населения и предоставления возможности оказания современных услуг связи жителям населенных пунктов с численностью населения от 100 до 500 человек, реализуемыми в рамках государственной программы Российской Федерации «Информационное общество», утвержденной постановлением Правительства Российской Федерации от 15 апреля 2014 г. № 313.

Заинтересованные лица могут ознакомиться с поступившим ходатайством об установлении публичного сервитута и прилагаемым к нему описанием местоположения границ публичного сервитута в Министерстве цифрового развития, связи и массовых коммуникаций Российской Федерации по адресу: 123112, Москва, Пресненская наб., д. 10, стр. 2, IQ-квартал; в администрации муниципального района «Цумадинский район» Республики Дагестан по адресу: 368900, Респ. Дагестан, Цумадинский р-н, с. Агвали, ул. Кади Абакарова, д. 95/2; в Администрации сельского поселения «Сельсовет «Верхнегакваринский» Цумадинского района Республики Дагестан по адресу: 368909, Респ. Дагестан, Цумадинский р-н, с. Верхнее Гаквари, ул. Административная, д. 12а; в Администрации сельского поселения «Сельсовет Нижнехваршининский» Цумадинского района Республики Дагестан по адресу: 368907, Респ. Дагестан, Цумадинский р-н, с. Нижние Хваршини, ул. Аси Денисенко, д. 8.

Подать заявления об учете прав на земельные участки (их части) и на кадастровые кварталы можно по адресу Министерства цифрового развития, связи и массовых коммуникаций Российской Федерации (Москва, Пресненская наб., д. 10, стр. 2, IQ-квартал).

Срок подачи заявлений об учете прав на земельные участки, в отношении которых испрашивается публичный сервитут, составляет 15 (пятнадцать) дней со дня опубликования данного сообщения (в соответствии с п. 8 ст. 39.42 Земельного кодекса Российской Федерации).

Время приема заинтересованных лиц для ознакомления с поступившим ходатайством об установлении публичного сервитута и подачи заявлений:

Понедельник - четверг: с 9:30 до 12:30 и с 14:00 до 17:00;
Пятница: с 9:30 до 12:30 и с 14:00 до 15:00.

Подробнее о порядке приема граждан можно узнать на сайте https://digital.gov.ru/ru/appeals/personal/.

Данная информация размещена на официальных сайтах Министерства цифрового развития, связи и массовых коммуникаций Российской Федерации (https://digital.gov.ru/ru/), администрации муниципального района «Цумадинский район» Республики Дагестан (https://www.mo-tsumada.ru/), администрации сельского поселения «Сельсовет «Верхнегакваринский» Цумадинского района Республики Дагестан (https://verxnee-gakvari-r82.gosweb.gosuslugi.ru/), администрации сельского поселения «Сельсовет Нижнехваршининский» Цумадинского района Республики Дагестан (https://nizhnee-xvarshini-r82.gosweb.gosuslugi.ru/).

Эркенаб гугари

## Дунялалъул чемпионаталда



Октябралъул ахиралда Албаниялъул тахшагьар Тиранаалда тIобитIана олимпиялъул гурел цIайиязда эркенаб гугариялъул рахъалъ дунялалъул чемпионат. Гьенир гIахьаллъана дунялалдаго машгьурал гугарухъаби. 92 кг. цIайиялда цеве вахъарав нилъер машгьурав гугарухъан олимпиялъул хIаязул кIицIул чемпион ГIабдулрашид Садулаев, цIар рагIарал США-ялъул, Ираналъул ва Гуржиязул гугарухъабазе бергьине кинабгIаги хьул течIого, анлъабилеб нухалъги вахъана дунялалъул чемпионлъун.

79 кг. цIайиялда гьенив цеве вахъана гIолилазда гьоркьов дунялалъул первенствобазда бергьарав Кванхиса МухIамад Магомаев. Россиялъул командаялъе гIолохъанав гугарухъан Магомаевас босана гIарцулаб медаль. Финалалда хIалбихьи бугев гуржиязул гугарухъанасде данде гьесул цо дагьаб хIалбихьи гIечIо. Гьеб букIана МухIамадил дунялалъул чемпионаталда тIоцебесеб цевевахъин.

ЦIумадисез баркула ГIабдулрашидида ва МухIамадида бергьенлъаби.

**Сураталда:** МахIачхъалаялъул аэропорталда МухIамад Магомаевасулгун (кIиабилев кьерда квегIиса кваранидe ункъабилев) дандчIвай.

Регби

## ГIолохъанал регбистазул бергьенлъаби



Арал гIодоркъояз МахIачхъалаялда «Труд» стадионалда тIобитIана 2008-2009 ва 2011-2012 соназ гьарурал гIолилазда гьоркьоб регби хIаялъул рахъалъ Дагъистаналъул первенство.

Гьенир гIахьаллъана республикаялдаса лъикIал командаби. Агъвали гимназиялъул командаялъ кинабгIаги хьул течIо дандизе бергьине. МухIамад Сулеймановас нухмалъи гьабулеб гимназиялъул командаялъ 2011-2012 соназ гьарурал гIолилазда гьоркьоб ккуна тIоцебесеб бакI.

2008-2009 соназ гьарурал гIолилазда гьоркьор нилъер гимназиялъул командаялъ ккуна лъабабилеб бакI.

ЦIумадисез ракI-ракIалъ баркулеб буго гIолилал регбистазда щварал бергьенлъаби.

## ТIиндиса рекерухъаби

Гьал къояз МахIачхъалаялда Россиялъул халкъалъул цольиялъул къоялда хурхун тIобитIана рекериялъул рахъалъ Дагъистаналъул первенство. Гьенир лъикI цере рахъана ГIабдукарим ХIамзатовас куцалел ТIинди школалъул цIалдохъаби -вацгIалзаби.




2008-2009 соназ гьарурал гIолилазда гьоркьоб 2 км. манзилалъ цере рахъарал гьезул цояв МухIамадов КъурамухIамад МухIамадаминовичас




ккуна тIоцебесеб бакI. Гьесдаса дагьабго манзилалъ нахъе ккарав МухIамадов КъурамухIамад ГIабдурахIмановичас ккуна лъабабилеб бакI. Гьеб буго кIиявго вацгIаласул низамалда бильунеб кьойилаб хIалтIул хIасил.

Баркула кIиявго КъурамухIамадида ва гьезул тренер ГIабдукаримида бергьенлъаби.

## Турниралда тIоцебесеб бакI




Дагъаб цебе Каспийскиялда тIобитIана ММА-ялъул рахъалъ «Каспиялъул Кубок» абураб турнир.

Гьениб 16-17 сонил ригьалъул гIолилазда гьоркьоб 48 кг. цIайиялда тIоцебесеб бакI ккуна Акнадаса АхIмад МухIамадовас.

Жиндирго гIолилаб ригьалда гьев чанго нухалъ бергьана ММА-ялъул рахъалъ Россиялъул, СКФ-ялъул ва Дагъистаналъул первенствабазда.

ЦIумадисез ракI-ракIалъ баркулеб буго АхIмадида щвараб бергьенлъи.

**Шамил Бадрудинов**

# Халилов Къоралъ

4 ноябралда Аллагьасул къадаралде щвана захIматалъул ветеран, гIемерал соназ районалда батIи-батIиял хьулухъазда хIалтIарав ТIисси росулъа Халилов Къоралъ.

Къоралъ гьавуна 1940 соналъул 10 июналда ТIисси росулъ. ГьитIинго бесдаллъарав гьес 7 класс лъугIизабуна лъималазул рокъоб, Агъвали гьоркьохъеб школалда лъугIизабуна 10 классги.

ЗахIматалъулаб хIаракатчилъи байбихьана 1961 соналъ ТIисси росулъ байбихьул школалъул заведующийлъун. Армиялда хьулухъ гьабун хадув хIалтIана комсомолалъул райкомалъул инструкторлъун, лъагIелалъ гьенивги хIалтIун, 1964 соналъул сентябралда тIамуна Силди росдал микьгосонилаб школалъул директорлъун. 1969 соналъул сентябралдаса нахъе кIиго соналъ хIалтIана КПСС-алъул ЦIумада райкомалъул гIуцIиялъул отделалъул инструкторлъун.

1971-1975 соназ цIалана Ростовалда тIадегIанаб партшколалда.

Партшкола лъугIун хадуб, 1975 соналдаса 1979 соналде щвезегIан хIалтIана КПСС-алъул райкомалъул пропагандаялъулгун агитациялъул отделалъул нухмалъулесул заместительлъун. 1979 соналдаса нахъе анцIила кIиго соналъ нухмалъи гьабула гьебго отделалъе.

2001 соналдаса пенсиялде инегIан анц1ила щуго соналъ хIалтIана Пенсионнияб фондалъул районалда бугеб отделениялъул нухмалъулевлъун. 1994-1999 соназ нухмалъи гьабуна халкъиял депутатазул районалъул Собраниялъе.

Кив хIалтIаниги, кинаб хьулухъалде тIамуниги, Къоралъица живго вихьизавуна бажари ва жавабчилъи бугев нухмалъулевлъун. Районалъул активалда ва гьудул-гьалмагъзабазда гьоркьов вукIана хIалбацадав, ракIбацIцIадав ва гIамал-хасият берцинав.

РакIбацIцIадаб ва гIемерсоназулаб хIалтIухъ мустахIикълъана хIукуматалъул рикIкIен гIемерал шапакъатазеги.

Къоралъ Халилов къадаралде щвеялда бан гьевгун цадахъ хIалтIулел рукIарал гьудул-гьалмагъзабаз зигара балеб буго гьесул лъималазда. Аллагьас иманалда тIовитIун ватаги.

ЛъикIав насихIатчи, божарав гьудул-гьалмагъ Халилов Къоралъ даим ракIалъ хутIизе вуго гьевгун цадахъ хIалтIаразда, гьудул-гьалмагъзабазда ва гьев лъалезда.

Пожарная безопасность

## Не оставляйте огонь без присмотра

С наступлением осенне-зимнего периода резко возрастает количество возгораний в жилом секторе. Стремясь поддержать тепло в своих домах, люди используют отопительные печи, электронагревательные приборы, газовые плиты, духовки, которые при определенных условиях могут стать причиной возгорания, следовательно причиной травматизма и гибели людей.

Отдел НД и ПР No 15 призывает граждан серьезнее отнестись к подготовке жилья и придомовых территорий к этому времени года. Так как с наступлением холодов увеличивается количество электронагревательных приборов, включенных в сеть, что приводит к перегрузкам электросети, возникают пробои изоляции и короткие замыкания. Поэтому каждый домовладелец должен проверить исправность электропроводки, розеток, выключателей в жилье и надворных постройках. Кроме того, следует обратить внимание на выполнение требований пожарной безопасности при устройстве и эксплуатации печей, проверить их исправность, заделать имеющиеся трещины в печи и дымоходе. Не реже одного раза в три месяца проводить очистку дымоходов печей от сажи. А также необходимо помнить, что печи и другие отопительные приборы должны иметь противопожарные разделки (отступки) от горючих конструкций, предтопочный лист размером 0,5 х 0,7 м на деревянном полу или из других горючих материалов. Вблизи печей и непосредственно на их поверхности запрещено хранить горючие материалы.

При подготовке к зиме дачных участков и домовладений граждане сжигают ветки, ботву, накопившийся мусор, часто не соблюдая требования пожарной безопасности, согласно которым сжигание отходов должно производиться в специально отведенных для этого местах и желательно в металлической таре. Такие места должны организовываться на расстоянии не ближе 50 метров до зданий и сооружений. За процессом сжигания необходимо постоянно следить, ни в коем случае не оставлять огонь без присмотра или поручать надзор за ним детям, а также иметь поблизости 2 первичные средства пожаротушения (огнетушитель, ёмкость с водой, ящик с песком).

**Помните:** защита имущества от пожаров и обеспечение безопасности своего здоровья и жизни зависит только от вас! В случае возникновения чрезвычайных ситуаций следует обращаться на единый телефон вызова пожарной службы с мобильного телефона 101, единый номер экстренных служб 112.

**Валиев Бунямин Магомедибирович,** старший инспектор ОНД и ПР No15 по Ботлихскому, Гумбетовскому, Ахвахскому и Цумадинскому районам УНД и ПР ГУ МЧС России по РД старший лейтенант внутренней службы

БетIерав редактор
Малачдибиров
ГIубайдула СагIадулаевич
8 (87273) 2-52-44

Редакциялъул
(издателасул) адрес: 368900
Дагъистан Республика,
ЦIумада район, Кьенгьара росу,
Заводалъул кьватI, 4

«ЦIумадисезул гьаракь»
газета гIуцIарал:
Дагъистан Республикаялъул
«ЦIумада район» муниципалияб
районалъул администрация
(ОГРН 1020500562697)

Газета кьватIибе биччана
«Издательский дом «Дагестан»
ГАУ-ялъул типографиялда.

Адрес: 367018,
МахIачхъала шагьар,
Насрудиновасул проспект, I «А»
Тираж - 1259
Газеталъул индекс:
51377 (бащдаб лъагIалие)
63302 (лъагIалие)

Макъалабазда рехсарал
хIужабазул, тарихазул бальгольи
гьоръ бугел ва цогидалги
баяназул жаваб авторас кьола.

Газета зарегистрирована
Управлением Роскомнадзора
по Республике Дагестан.
ПИ №ТУ05-00434
от 15 июля 2019 г.

Адрес электронной почты
GoIostsumady@maIl.ru